



Pou Piblikasyon Imedya: 24/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE DEPATMAN JISTIS, KONGRÈ A POU ENVESTIGE ANILASYON JESYON PWOGRAM VWAYAJÈ KONFYANS DEPATMAN SEKIRITE ENTERYÈ A

Eta a pral pouswiv domaj sivil nan Depatman Sekirite Enteryè

Otorite Alkòl Eta a ak Gwoup Travay Lapolis Eta New York te emèt 37 vyolasyon bay etablisman yo lannuit pase a

Anonse Toronto Blue Jays pral jwe match lakay sou teren Sahlen nan Buffalo sezon sa a

Ospitalizasyon yo bese nan 650 — Nouvo bèss depi 18 mas

Kantite total pasyan nan ICU yo bese nan 156 - Kantite ki pi ba depi 16 mas

Mwens pase yon pousan tès pou COVID-19 yè yo te pozitif

9 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

Konfime 753 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 410,450; gen nouvo ka nan 50 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande jodi a Depatman Jistis Etazini ak Kongrè a pou investige jesyon Pwogram Vwayajè Konfyans Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security, DHS) a, apre gen nouvo enfòmasyon ki te revele responsab DHS yo te admèt yo te fè fo deklarasyon pou jistifye anilasyon Nouyòkè Depatman an te fè nan pwogram lan nan kòmansman ane sa a. Anvan devlopman sa a, responsab federal yo te ensiste souvan ak san presizyon ke limit New York pou gen aksè ak bazdone Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) eta a pa te tankou okenn lòt eta. Gouvènè a te anonse tou ke Eta a pral pouswiv domaj sivil Depatman Sekirite Enteryè a.

"Anilasyon Pwogram Vwayajè Konfyans lan te fè Nouyòkè yo mal. Sa deranje ekonomi nou an, epi tout sa se te politik, depi nan kòmansman an. Ou pa ka itilize gouvènman an pou fè eksplwatasyon politik", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Se sèlman youn nan baraj abi politik yo ke nou te andire anba men administrasyon sa a, men sa te sispann.

Mwen kwè gen domaj sivil ke yo dwe Eta New York epi nou pral mennen pouswit sou reklamasyon posib pou sa. Mwen mande tou Pòt Pawòl Pelosi, Manm Kongrè Nadler ak Manm Kongrè Bennie Thompson pou fè yon investigasyon nan kongrè a sou sa. Gouvènman an se pa yon zouti politik."

Gouvènè a te bay tou yon mizajou sou gwoup travay plizyè ajans ki te fòme pou konbat vyolasyon règleman ki gen rapò ak kowonaviris la nan ba ak restoran yo. Pandan plizyè jou nan semèn sa a, Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority) a ak Gwoup Travay Lapolis Eta New York la te reyalize apeprè 1,100 verifikasyon sou konfòmite, dokimante vyolasyon nan 84 etablisman ak emèt 37 vyolasyon sèlman pandan lannuit pase a. Biznis yo jwenn ki vyole règleman sou distans sosyal yo ap resevwa amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon, pandan ke vyolasyon flagran yo ka lakòz sispansyon imedyat lisans pou vann alkòl yo.

Gouvènè a te anonse tou ke Toronto Blue Jays pral jwe match lakay yo sou teren Sahlen nan Buffalo pou sezon sa a.

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

Kantite Pasyan Ki Ospitalize - 650 (-56)
Pasyan ki Fèk Entènè nan Lopital - 57
Lopital Konte yo - 30
Kantite ICU - 156 (-4)
Kantite ICU nan entibasyon - 93 (+0)
Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo - 72,552 (+86)
Kantite Lanmò - 9
Kantite Lanmò Total - 25,090

Sou 76,507 tès yo te reyalize nan Eta New York yè, 753, oswa 0,98 pousan, te pozitif. Pousantaj tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se jan nou pral site la a:

REJYON	MADI	MÈKREDI	JEDI
Capital Region	1.3%	1.6%	1.50%
Central New York	0.7%	0.8%	0.60%
Finger Lakes	1.2%	0.6%	0.70%
Long Island	1.0%	1.4%	0.90%
Mid-Hudson	0.9%	0.9%	0.70%
Mohawk Valley	0.9%	0.8%	1.10%
New York City	1.2%	1.3%	1.10%
North Country	0.5%	0.6%	0.70%
Southern Tier	0.6%	0.6%	1.20%
Western New York	0.9%	1.5%	1.10%

Gouvènè a te konfime tou 753 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 410,450 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 410,450 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,426	25
Allegany	74	2
Broome	954	20
Cattaraugus	150	2
Cayuga	137	2
Chautauqua	212	0
Chemung	158	1
Chenango	196	2
Clinton	117	3
Columbia	498	1
Cortland	82	2
Delaware	97	2
Dutchess	4,408	8
Erie	8,234	47
Essex	54	0
Franklin	42	0
Fulton	268	0
Genesee	261	1
Greene	278	5
Hamilton	7	1
Herkimer	223	10
Jefferson	123	3
Lewis	34	0
Livingston	161	0
Madison	390	2
Monroe	4,537	26
Montgomery	146	1
Nassau	42,860	44
Niagara	1,408	3
NYC	223,192	360
Oneida	1,990	10
Onondaga	3,360	16
Ontario	337	3
Orange	10,976	8
Orleans	289	1
Oswego	234	0
Otsego	102	0

Putnam	1,399	2
Rensselaer	676	7
Rockland	13,830	10
Saratoga	665	2
Schenectady	955	9
Schoharie	67	1
Schuyler	20	0
Seneca	83	3
St. Lawrence	254	1
Steuben	285	1
Suffolk	42,773	58
Sullivan	1,475	0
Tioga	176	1
Tompkins	221	8
Ulster	1,912	1
Warren	292	2
Washington	252	0
Wayne	239	1
Westchester	35,700	33
Wyoming	110	2
Yates	51	0

Yè, te gen 9 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,090. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Bronx	1
Broome	1
Erie	1
Niagara	1
Oneida	1
Queens	2
Schenectady	2

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)